

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Upamana dipatalikeun jeung fungsi basa salaku pakakas pikeun komunikasi, tangtuna waé undak-usuk basa Sunda ngabogaan peran anu kawilang penting dina kahirupan sapopoé alatan nyarita boh ka saluhureun boh ka sahandapeun atawa ka sasama basa anu dipaké téh kudu bisa diwilah-wilah. Hal éta luyu jeung anu diébréhkeun ku Sudaryat (2007, kc. 44) undak usuk basa atawa tatakrama basa mangrupa sopan santun makéna basa dina waktu komunikasi.

Undak usuk basa Sunda anu digunakeun ku siswa SMP geus teu dipaké deui kusabab kurangna pangaweruh ngeunaan undak usuk basa jeung jarang diajarkeun ngeunaan undak usuk basa dipangajaran basa Sunda. Katitén dina ngobrol sapopoé jeung babaturan boh jeung guru lolobana basa anu digunakeun sarua kasaluhureun jeung kasahandapeun. Kitu deui dina ngagunakeun undak usuk basa Sunda dina pangajaran nulis surat pribadi.

Nulis atawa ngarang mangrupa ngagunakeun basa dina wangun tinulis, pikeun nepikeun gagasan, eusi pikiran, kahayang, kereteg haté, atawa informasi. Nepikeun gagasan atawa informasi dina wangun tinulis kudu dipigawé kalawan daria tur ati-ati, sarta dipigawé dina waktu anu rinéh sangkan bisa mikir pikeun nyusun jadi kalimah. Tina kalimah jadi paragraf, paragraf jadi wacana jeung saterusna, nepi ka ngajanggélék jadi wangun karangan anu mibanda ajén jeung tujuan.

Basa tulis bisa dipaké pikeun nepikeun informasi ti hiji jalma ka jalma séjén nu mangrupa katerangan, wawaran, paménta, pamadegan jeung pikiran. Wujud nyata tina basa tulis nya éta surat. Ieu hal saluyu jeung pamanggih Abud Prawirasumantri, spk. (1989, kc. 9) dina bukuna *Serat Basa Sunda* nu nétélakeun yén surat téh mangrupa sarana pikeun nepikeun informasi atawa wawasan anu ditulis (biasana dina kertas) ka pihak séjén, boh minangka wawakil diri, boh wawakil organisasi. Informasi atawa wawaran bisa mangrupa katerangan, laporan, gagasan, paménta atawa pikiran.

Basa anu dipaké dina surat kudu hadé tur bener pikeun kalancaran tatali marga atawa silaturahmi antara nu ngirim surat jeung nu dikirim surat. Jadi basa téh kudu bener larap kecap jeung pakeman nu merenah ungkapan kalimahna, undak-usuk basana, jeung saluyu kana palanggaran éjahan sarta aturan tata basa. Hal ieu ditétélakeun ku pamanggih Abud Prawirasumantri (1989, kc. 61) sangkan surat henteu nyimpang tina tujuan komunikasi nya basana kudu merenah, undak-usukna merenah, ninggang dina tatakrama, ungkapan kalimahna kudu tartib, puguh éntép seureuhna, larapna kecap kudu merenah, luyu jeung tempatna.

Pangajaran nulis di sakola mangrupa lajuning laku tina tarékah ngaraksa jeung ngariksa basa Sunda pikeun nyitak lulusan nu ngabogaan pangaweruh, kaparigelan jeung sikep nu hadé kana nulis, hususna nulis surat pribadi ku ngagunakeun undak usuk basa Sunda.

Panalungtikan ngeunaan kamampuh ngalarapkeun undak usuk basa kungsi dilaksanakeun saméméhna, saperti panalungtikan ku *Ratih Nispusobariah* (2011) anu hasil panalungtikanana “*Kamampuh Ngalarapkeun undak usuk basa Sunda dina wacana dialog siswa kelas X MA AL-BIDAYAH Batujajar kabupatén Bandung Barat*”. Éta Hasil panalungtikan téh ngan saukur ngadéskripsikeun kamampuh ngalarapkeun undak usuk basa Sunda dina wacana dialog siswa kelas X. Salian ti éta, aya ogé aya panalungtikan ngeunaan “*Kasalahan Ngalarapkeun Undak Usuk Basa Sunda dina Nulis Biantara Siswa Kelas IX SMP Negeri 3 Lembang*”, ku Sintia Holida Hasil panalungtikanana mangrupa maluruh kasalahan undak usuk basa Sunda dina nulis biantara hungkul.

Ieu panalungtikan ogé medar perkara larapna undak usuk basa Sunda dina nulis surat pribadi. Najan sarua pada-pada medar undak usuk basa Sunda tapi aya bédana. Ari bédana téh jaba ti sumber datana nu mangrupa surat pribadi siswa, subjék nu dianalisisna nya éta larapna undak usuk basa Sunda dina Surat Pribadi jeung kasalahan ngagunakeun basa jang ka saluhureun, ka sahandapeun jeung basa loma.

Ieu panalungtikan perlu ditalungtik sabab larapna undak usuk basa Sunda dina nulis surat pribadi mun teu dioméan bisa ngabaluarkeun yén basa anu dipaké téh dianggap bener. Dumasar kana pedaran di luhur, panalungtikan nu judulna “*Larapna Undak Usuk Basa Sunda dina Nulis Surat Pribadi Siswa Kelas*

VIII A SMP Kartika Siliwangi XIX-1 Bandung Taun Ajar 2015-2016”, perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Nulis surat téh kaasup kaparigelan maké basa tulis anu ngalibetkeun kecap, kalimah, jeung tatatulis, kaasup tata basa. Patali jeung makéna kecap katut kalimah, perlu dihitung ayana undak usuk basa Sunda. Kulantaran ulikan nulis surat téh kaitanna dina ieu panalungtikan dilaksanakeun kana kamampuh ngalarapkeun undak usuk basa Sunda (basa lemes keur batur, lemes keur sorangan, jeung basa loma) nu merenah jeung nu kurang merenah dina nulis surat pribadi. Jadi, rumusan masalah dina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) Kumaha larapna undak usuk basa Sunda dina nulis surat pribadi siswa kelas VIII A SMP Kartika Siliwangi XIX-1 Bandung?
- 2) Kumaha kamampuh siswa ngalarapkeun undak usuk basa Sunda dina nulis surat pribadi siswa kelas VIII A SMP Kartika Siliwangi XIX-1 Bandung?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Hiji hal moal sagawayah dilaksanakeun saupama eweuh tujuanana, kitu deui jeung ieu panalungtikan. Tujuan dina ieu panalungtikan téh aya dua, nya éta

- (1) tujuan umum jeung (2) tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, dilaksanakeunna ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun mikanyaho ngeunaan kamampuh siswa kelas VIII A SMP Kartika Siliwangi XIX-1 dina ngalarapkeun undak usuk basa Sunda dina nulis surat pribadi.

1.3.2 Tujuan Husus

Salian tujuan umum anu disebutkeun di luhur, ieu panalungtikan ogé miboga tujuan husus, nya éta pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun:

- a. larapna undak usuk basa Sunda dina nulis surat pribadi siswa kelas VIII A SMP Kartika Siliwangi XIX-1 Bandung.

- b. kamampuh siswa ngalarapkeun undak usuk basa Sunda dina nulis surat pribadi siswa kelas VIII A SMP Kartika Siliwangi XIX-1 Bandung.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat dina ieu pnalungtikan téh ngawengku dua aspék, nya éta (1) mangpaat tioritis jeung (2) mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, mangpaat ieu panalungtikan bisa ngeuyeuban pangaweruh sosiolinguistik jeung pragmatik ngeunaan undak usuk basa Sunda dina nulis surat pribadi.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan bisa digunakeun pikeun guru, siswa jeung nu nalungtik. Mangpaaat pikeun guru, hasil tina ieu panalungtikan bisa dimangpaatkeun pikeun ngeuyeuban kamekaran bahan ajar pangajaran kaparigelan nulis surat, hususna surat pribadi, sarta nambahan alternatif bahan ajarna.

Mangpaat panalungtikan pikeun siswa nya éta hasil panalungtikan bisa dimangpaatkeun ku siswa kana kumaha makéna basa jang ka saluhureun, ka sahandapeun jeung makéna basa loma.

Mangpaat panalungtikan pikeun nu nalungtik bisa ngamekarkeun wawasan ngeunaan undak usuk basa Sunda dina ngalakukeun basa dina kahirupan sapopoé jeung anu utamana dina panalungtikan ieu bisa ngalarapkeun undak usuk basa Sunda dina nulis surat pribadi sangkan siswa bener dina nulis undak usuk basa Sunda.

1.5 Raraga Tulisan

BAB I dina ieu skripsi dijudulan Bubuka, anu ngawengku kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, jeung raraga tulisan.

BAB II dina ieu skripsi dijudulan Tatapakan Tiori Undak Usuk Basa Sunda dina Nulis Surat Pribadi. Dina sub bab undak usuk basa ngawengku wangenan undak usuk basa Sunda, kamekaran undak usuk basa Sunda, wangun undak usuk basa Sunda jeung Prinsip Undak-usuk Basa. Dina sub bab nulis ngawengku wangenan nulis, fungsi nulis, tujuan nulis, mangpaat nulis, Sarat Nulis atawa Karangan nu Alus, jeung Léngkah-léngkah Nulis. Dina sub bab surat ngawengku wangenan surat, fungsi surat, warna surat, wangun surat, bagian-bagian surat, jeung surat pribadi, aya deui panalungtikan saméméhna jeung kalungguhan tioritis panalungtikan.

BAB III dina ieu skripsi dijudulan Méthode Panalungtikan anu ngawengku Desain Panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, instrumén pangumpul data anu ngabogaan sub bab instrumén pangumpul data jeung téhnik ngumpulkeun data anu terahir aya analisis data.

BAB IV dina ieu skripsi dijudulan Analisis Kamampuh Ngalarapkeun Undak Usuk Basa Sunda dina Surat Pribadi, anu ngawengku analisis ngalarapkeun undak usuk basa Sunda tina unggal surat pribadi, analisis tingkat kamampuh ngalarapkeun undak usuk basa Sunda dina surat pribadi, analisis ngalarapkeun basa loma jeung basa lemes, boh keur batur boh keur sorangan.

BAB V dina ieu skripsi dijudulan Kacindekan jeung Rékoméndasi. Kacindekan eusina mangrupa gambaran kamampuh siswa dina ngalarapkeun undak usuk basa Sunda dina surat pribadi. Rékoméndasi eusina mangrupa saran keur masarakat Sunda umumna, keur guru di sakola jeung keur kolot di imah hususna.